

Sèvis Finansye pou Pasyan Politik ak Pwosed



Politik Rabè pou Pasyan ki Pa sou Asirans

Objektif

Objektif dokiman sa a se prezante politik Sosyete Lopital pou Timoun (Children's Hospital Corporation) sou non Boston Children's Hospital ("Lopital" la) ak Fondasyon Doktè asosye li yo ("Fondasyon" yo) an rapò ak disponibilite rabè pou pasyan kalifye ki resevwa sèvis nan diferan sit Lopital la oswa nan diferan sit Fondasyon an kote yo bay sipò administratif ak pèsònèl apati Lopital la, sèvis pasyan an pa gen pwoteksyon Plan Sante Prive pou yo (nou defini pi ba a) oswa pwoteksyon nan kad tout Pwogram Èd pou Swen Sante Biblik (nou defini pi ba a), oswa ki se Sèvis Asirans Pa Garanti (nou defini pi ba a) nan kad pwoteksyon sa a. Politik sa a pa aplike ak Boston Children's Health Solutions, Rx, LLC ki ap fè biznis sou non Boston Children's Pharmacy oswa ak nenpòt medikaman Boston Children's Pharmacy distribiye.

Deklarasyon Politik Jeneral

1. Lopital la ak Fondasyon yo pran angajman pou yo founi resous pou timoun ki bezwen swen, kèleswa kapasite yo pou peye.
2. Politik sa a aplike pou tout Sèvis Ijans (nou defini pi ba a) ak lòt Sèvis ki Nesèsè Medikalman (nou defini pi ba a) Lopital la ak Fondasyon yo bay. Pwosed estetik fakiltatif pa fè pati Sèvis Ijans ak lòt Sèvis ki Nesèsè Medikalman.
3. Lopital la ap bay tout pasyan Sèvis Ijans, san diskriminasyon epi san pran kalifikasyon pasyan an pou èd an kont nan kad Politik Rabè pou Pasyan ki Pa sou Asirans. Lopital la entèdi tout mannèv ki ta dekoraje moun chache Sèvis Ijans, tankou mande pasyan ki nan Depatman Ijans peye anvan yo resevwa Sèvis Ijans oswa pèmèt aktivite rekouvreman lajan ki dwe ki entèfere ak dispozisyon, san diskriminasyon, Sèvis Ijans lan.
4. Lopital la ak Fondasyon yo, apati inite Konsèy Finansye Lopital la, ap ede pasyan/Garan (nou defini pi ba a) ak pwosesis pou ranpli demann pou Pwogram Èd pou Swen Sante Biblik ki disponib (nou defini pi ba a), tank sa posib.
5. Pou pasyan ki pa reponn a kritè kalifikasyon nou dekri nan Politik Rabè pou Pasyan ki Pa sou Asirans sa a, nou ap aplike rabè ki aplikab la pou pasyan sa a a bil pasyan an pou Sèvis Ijans ak lòt Sèvis ki Nesèsè Medikalman.
6. Lopital la ak Fondasyon yo ap (a) evite fè mannèv pou ranmase lajan pou Sèvis Ijans ak Sèvis ki Nesèsè Medikalman nan men pasyan ki gen egzanpsyon kont mezi rekouvreman lajan an

nan kad Politik Kredi ak Rekouvreman Lopital la ak règleman an rapò ak Health Safety Net; (b) ranbouse tout rekouvreman nou resevwa nan men pasyan sa yo pou Sèvis Ijans ak Sèvis ki Nesèsè Medikalman; epi (c) pataje enfòmasyon ant yo menm konsènan asirans pasyan yo ak kalifikasyon yo pou Pwogram Èd pou Swen Sante Biblik oswa lòt pwogram èd finansyè Lopital la ak Fondasyon yo ofri.

7. Lopital la ak Fondasyon yo kapab ofri tarif pou ka asirans pa garanti pou yon gwoup sèvis espesifik, tankou sèvis chiriji estetik ki pa Sèvis ki Nesèsè Medikalman ak kèk pwosedi kadyak. Rabè nou dekri nan politik sa a pa aplikab pou tarif ka espesyal sa yo.
8. Lopital la ak Fondasyon yo kapab elaji disponibilite rabè apa sa a ki disponib yo nan kad Politik Èd finansyè yo a, ka pa ka, pou yo kapab konsidere ka difikilte finansyè espesyal, an konfòmitye ak Politik Kredi ak Rekouvreman sa a ak Politik Rabè pou Pasyan ki Pa sou Asirans yo a.
9. Fondasyon yo kapab etabli politik rabè anplis ki konsène pasyan ki resevwa sèvis yon Fondasyon nan yon etablisman ki pa afilye ak Lopital la (paregzanp, pasyan sistèm enfòmasyon Lopital la pa pwogramme sèvis yo).
10. Si yon pasyan pa respekte pwosedi nou dekri nan dokiman sa a, Lopital la oswa Fondasyon yo kapab retade oswa refize tout rabè ki disponib nan kad Politik Rabè pou Pasyan ki Pa sou Asirans sa a.

Definisyon

Pasyan Nasyonal: Yon pasyan ki se yon Rezidan Ozetazini.

Sèvis Ijans: Sèvis ki Nesèsè Medikalman nou bay aprè manifestasyon yon pwoblèm medikal, fizik oswa mantal, ki vini sou fòm sentòm ki grav ase, tankou gwo doulè, ki pou ta fè, selon bon rezònman, yon non-espésyalis ki pridan ki gen ti konesans nan sante ak medsin atann li absans swen medikal rapid ka mete sante moun nan oswa yon lòt moun an danje yon fason ki grav, deteryore fonksyon kòporèl moun nan yon fason ki grav oswa pwovoke yon disfonksyonman grav nan tout ògàn kò li oswa nan yon pati nan ògàn kò li oswa, nan kad yon fi ki ansent, jan nou defini li an detay nan Seksyon 42 USC 1395dd(e)(1)(B).

Garan: Yon moun oswa yon gwoup moun, tankou paran yon pasyan, responsab legal li ak lòt manm fanmi li, men se pa moun sa yo sèlman, ki reponn pou peye tout frè sèvis Lopital la oswa Fondasyon yo oswa peye yon pati nan frè yo.

Pasyan Entènasyonal: Yon pasyan ki pa yon Rezidan Ozetazini.

Sèvis Ki Nesèsè Medikalman: Sèvis lojikman ki ta dwe fè prevansyon, fè dyagnostik, anpeche eta sante w vin pi grav, soulaje, koriye oswa geri maladi ki mete lavi ou an danje, ki fè ou soufri oswa ba ou doulè, ki ba ou defòmasyon oswa disfonksyonman fizik, ki menase ba ou yon andikap oswa agrave li, oswa ba ou yon maladi oswa enfimite.

Sèvis Asirans Pa Garanti: Sèvis Asirans pa Garanti se sèvis (a) ki pa fè pati sèvis avantaj/kalifye asirans garanti pou Plan Sante Prive pasyan an oswa Pwogram Èd pou Swen Sante Biblik, epi ki se sèvis kote pasyan an gen responsabilite pou peye pwofesyonèl ki ofri sèvis sa yo; (b) ki fè pati

sèvis avantaj/kalifye asirans garanti men nou bay yo aprè pasyan an fin itilize tout avantaj Plan Sante Prive oswa Pwogram Èd pou Swen Sante Biblik li a; oswa (c) sèvis yon pwofesyonèl ki pa nan rezo plan sante/pwogram sante a.

Plan Sante Prive: Pwoteksyon pou sèvis swen sante nou bay nan asirans sante, plan sante oswa yon lòt pwoteksyon nan tout lòt plan, fon oswa fidisi sante, byennèt oswa lòt, nou etabli pou peye oswa regle sèvis swen sante nou bay moun ki enskri nan asirans, plan oswa pwogram sa a oswa ki kalifye pou yo, yon fason kèlkonk. San nou pa limite karaktè jeneral sa ki di pi wo a, Plan Sante Prive se tout aranjman yon Anbasad, yon otorite sanitè etranje oswa lòt gouvènman etranje oswa antite kazi-gouvènmantal ki travay sou pèman sèvis swen yo bay sitwayen li, rezidan ak lòt moun.

Pwogram Èd pou Swen Sante Biblik: Pwogram yon eta oswa gouvènman federal etabli pou peye oswa regle pèman sèvis swen sante pwoteje/kalifye nou bay moun ki reponn a kritè kalifikasyon pou pwogram. Pwogram Èd pou Swen Sante Biblik se MassHealth, Health Safety Net, ConnectorCare, lòt pwogram Medicaid ak Medicare, men se pa sa yo sèlman.

Rezidan: An konfòmite ak objektif Politik Rabè pou Pasyan ki Pa sou Asirans sa a, nou ap detèmine si yon pasyan rete Etazini oswa si li pa rete Etazini sou menm baz ak menm kritè ak sa MassHealth itilize pou pwogram Biwo Egzekitif Sante ak Sèvis Sosyal pou Commonwealth of Massachusetts administre yo.

Kritè Kalifikasyon pou Pasyan ki Pa sou Asirans

Jeneralman, pou yon pasyan benefisyé Rabè pou Pasyan ki Pa sou Asirans nan Politik Rabè pou Pasyan ki Pa sou Asirans sa a, li dwe reponn a kritè kalifikasyon sa yo:

1. Sèvis li ap resevwa a dwe Sèvis Ijans oswa Sèvis ki Nesèsè Medikalman;
2. Pasyan an pa benefisyé èd finansyè oswa kalifye pou sa nan kad Politik Èd finansyè Lopital la ak Fondasyon yo;
3. Pasyan an pa benefisyé pwoteksyon oswa kalifye pou pwoteksyon pou Sèvis Ijans oswa Sèvis ki Nesèsè Medikalman Lopital la ak/oswa Fondasyon an(yo) bay pasyan nan Plan Sante Prive oswa nan kad tout Pwogram Èd pou Swen Sante Biblik. Nan objektif Politik Rabè pou Pasyan ki Pa sou Asirans sa a, nou ap konsidere pasyan an kòm pasyan ki pa genyen pwoteksyon Plan Sante Prive oswa Pwogram Èd pou Swen Sante Biblik oswa ki pa kalifye pou yo konsènan Sèvis Asirans Pa Garanti; epi
4. Pasyan/Garan an pa t anile pwoteksyon oswa kalifikasyon nan pwoteksyon Plan Sante Prive a oswa nan Pwogram Èd pou Swen Sante Biblik la ak pwòp desizyon li nan peryòd swasant (60) jou avan nou kòmanse bay Sèvis Ijans oswa Sèvis ki Nesèsè Medikalman.

Pwosedij Pou ou fè Demann epi Aplike pou Rabè pou Pasyan ki Pa sou Asirans

Jeneralman, kou (a) Konseye Finansye Lopital la detèmine pasyan an pa kalifye pou èd finansyè nan Politik Èd finansyè Lopital la ak Fondasyon yo, (b) nou gen konfirmasyon pasyan an pa kalifye

pou pwoteksyon Plan Sante Prive oswa Pwogram Èd pou Swen Sante Biblik epi li pa pwoteje pou pwoteksyon sa yo an rapò ak Sèvis Ijans oswa Sèvis ki Nesèsè Medikalman nou bay pasyan an, epi (c) pasyan an pa reponn a tout kritè kalifikasyon nou dekri nan Politik Rabè pou Pasyan ki Pa sou Asirans sa a, nou ap aplike pwosedi sa yo:

1. Si pasyan an se yon Pasyan Nasyonal, Sèvis Finansye pou Pasyan ap bay pasyan/Garan an yon devi ki gen frè pou Sèvis ki Nesèsè Medikalman nou ap bay ("Devi" a), epi li ap aplike Devi Rabè pou Pasyan Nasyonal la. Pasyan/Garan an dwe peye montan Devi a, pwovizyon nè Rabè pou Pasyan Nasyonal la, anplen, avan nou ba li Sèvis ki Nesèsè Medikalman ki nan Devi a; a kondisyon, konsènan Sèvis Ijans, nou p ap bay okenn Devi, epi nou p ap egzije pèman, avan nou bay Sèvis Ijans, epi nou ap aplike Rabè pou Pasyan Nasyonal la a bil pou Sèvis Ijans lan si pasyan/Garan an peye, oswa si li antre nan plan pèman Lopital la, pou Sèvis Ijans karant senk (45) jou aprè li fin resevwa bòdwo pou Sèvis Ijans sa yo; oswa
2. Si pasyan an se yon Pasyan Entènasyonal, Sèvis Finansye pou Pasyan ap bay pasyan/Garan an yon Devi. Pasyan/Garan an dwe peye montan Devi a, anplen, avan nou ba li Sèvis ki Nesèsè Medikalman ki nan Devi a; a kondisyon, (a) konsènan Sèvis Ijans, nou p ap bay okenn Devi, epi nou p ap egzije pèman, avan nou bay Sèvis Ijans, epi (b) pasyan/Garan an dwe peye pou Sèvis Ijans lan nan karannsenk (45) jou aprè li fin resevwa bòdwo pou Sèvis Ijans sa yo pou li benefisyé Rabè pou Pasyan Entènasyonal. Kou Lopital ak/oswa Fondasyon an(yo) fin bay Pasyan Entènasyonal la tretman, li/yo ap aplike Rabè pou Pasyan Entènasyonal la sou bòdwo pou Sèvis ki Nesèsè Medikalman ak Sèvis Ijans, li bay Pasyan Entènasyonal la, si sa posib, epi si lè li aplike Rabè pou Pasyan Entènasyonal la sa debouche sou yon balans kreditè parapò ak bòdwo Pasyan Entènasyonal la, Lopital la/Fondasyon an(yo), selon ka a, ap ranbouse pasyan/Garan an montan balans kreditè sa a anplen, oswa (y) si apre yo mete Rabè pou Pasyan Entènasyonal li kite yon balans pasyan/Garan an dwe Lopital la ak/oswa Fondasyon an(yo), pasyan/Garan an dwe peye balans san peye a, anplen, nan karannsenk (45) jou aprè pasyan/Garan an fin resevwa bòdwo a(yo) pou li kapab resevwa Rabè pou Pasyan Entènasyonal an rapò ak tout Sèvis Ijans ak Sèvis ki Nesèsè Medikalman, si sa posib, nou bay pandan pasyan an ap pran tretman.

Disponiblité Rabè

1. Lopital la ak Fondasyon yo ofri Pasyan Nasyonal ki reponn a kritè kalifikasyon nou dekri nan Politik Rabè pou Pasyan ki Pa sou Asirans sa a 40% rabè an rapò ak Sèvis Ijans kalifye ak Sèvis ki Nesèsè Medikalman kalifye.
2. Lopital la ofri Pasyan Entènasyonal ki reponn a kritè kalifikasyon nou dekri nan Politik Rabè pou Pasyan ki Pa sou Asirans sa a jiska 24% rabè epi Fondasyon yo ofri Pasyan Entènasyonal ki reponn a kritè kalifikasyon nou dekri nan Politik Rabè pou Pasyan ki Pa sou Asirans sa a jiska 10% rabè an rapò ak Sèvis Ijans kalifye ak Sèvis ki Nesèsè Medikalman kalifye.
3. Rabè sa yo pa aplikab pou sèvis asirans garanti oswa sèvis kalifye Lopital la oswa Fondasyon an(yo) bay nan kad pwoteksyon Plan Sante Prive oswa Pwogram Èd pou Swen Sante Biblik.

Piblikasyon/Disponibilite Politik Rabè pou Pasyan ki Pa sou Asirans lan, Politik Èd finansyè a, Politik Kredi ak Rekouvreman an, ak Kalkil Montan nou Takse Jeneralman.

1. Piblik la kapab jwenn yon kopi Politik Rabè pou Pasyan ki Pa sou Asirans sa a, Politik Èd finansyè a, Politik Kredi ak Rekouvreman an, ak Kalkil Montan nou Takse Jeneralman gratis apati nenpòt nan metòd sa yo:
 - a. Piblikasyon sou Entènèt: Politik Èd Finansyè, Politik Kredi ak Rekouvreman ak Politik Rabè pou Pasyan ki Pa sou Asirans ak yon Rezime Politik Èd Finansyè nan Langaj Senp, ak Aplikasyon pou Èd finansyè a Lopital la ak Fondasyon yo disponib anliy sou: www.childrenshospital.org/financialassistance
 - b. Fas-a-fas: Kopi Politik Èd finansyè, Politik Kredi ak Rekouvreman ak Politik Rabè pou Pasyan ki Pa sou Asirans ak yon Rezime Politik Èd finansyè nan Langaj Senp, ak Aplikasyon pou Èd finansyè a Lopital la ak Fondasyon yo disponib sou fòm papye nan Lopital la ki plase nan 300 Longwood Avenue, Boston, MA, Farley Building sal 160.
 - c. Nan kourye Lapòs: Piblik la kapab mande resevwa yon kopi nan kourye lapòs lè yo rele Sèvis Kliyantèl pou Sèvis Finansye pou Pasyan nan (617)-355-3397 ak/oswa Konsèy Finansye Pasyan nan 617-355-7201.
2. Tradiksyon Politik Èd finansyè a, Rezime Politik Èd finansyè nan Langaj Senp lan, Aplikasyon pou Èd finansyè a, Politik Kredi ak Rekouvreman an, ak Kalkil Montan nou Takse Jeneralman an nan lang etranje disponib nan plizyè lang pou ede moun ki gen konesans limite nan anglè.
3. Kominikasyon Souplas: Lopital la ap fè efò pou li kominike disponiblite èd finansyè ak lòt rabè apati plizyè metòd.
 - a. Li ap mete afich nan zòn admisyon yo konsènan disponibilite èd finansyè a.
 - b. Li ap plase afich oswa lì ap pran lòt mezi ki byen kalkile pou attire atansyon vizitè yon fason ki vizib nan divès kote nan Lopital la.
 - c. Li ap ofri tout pasyan kopi Politik Rabè pou Pasyan ki Pa sou Asirans sa a nan moman admisyon oswa pandan pwosesis egzeyat la.

Dokiman, Politik ak Pwogram Siplemantè/Konèks

1. Politik Èd finansyè
2. Rezime Politik Èd finansyè nan Langaj Senp
3. Aplikasyon pou Èd finansyè
4. Politik Kredi ak Rekouvreman
5. Kalkil Montan nou Takse Jeneralman
6. Pwogram Èd finansyè pou Pasyan Entènasyonal

Atribisyon Dokiman an

Tit	Politik Rabè pou Pasyan ki Pa sou Asirans		
Otè	Thomas Pellegriti, Direktè Konfòmite pou Reglemantasyon Fiskal ak Finansye	Dat Li Antre ann Aplikasyon	9/30/2016
Revize/ Enstans ki Revize li	Vis Prezidan Sèvis Finansye pou Pasyan, Boston Children's Hospital Direktè Finansye, Boston Children's Hospital Vis Prezidan Prensipal ak Avoka Jeneral, Boston Children's Hospital	Dat Revizyon/ Revize:	12/7/2021 12/10/2021
Apwouye	12/20/2021	Effective Date	03/1/2023

Konsèy Administrasyon Boston Children's Hospital